



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 51 MILYON DOLA APWOUVE POU SISTÈM DLO  
PWÒP AK PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO POTAB LOKAL YO ATRAVÈ ETA NEW  
YORK**

***Vant obligasyon pwopoze yo ki bay yon total plis pase 572 milyon dola pral  
ekonomize anviwon 22 milyon dola pou kontribiyab Vil New York yo nan  
refinanse plizyè pwojè ki fini***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) apwouve 51 milyon dola nan finansman ki gen ladann finansman bon mache ak sibvansyon yo te anonse anvan yo. Aksyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan kapital ki nesesè pou fè avanse pwojè enfrastrikti dlo ak egou enpòtan yo, tankou ranplasman koneksyon sèvis plon, pwosesis tretman pou retire kontaminan k ap parèt nan dlo potab ak modènize sistèm ki ansyen yo.

Konsèy la te apwouve tou yon finansman 572,575,000 dola pou Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York (NYCWFMA) ki pral refinanse finansman akoutèm pou 11 pwojè dlo ize ak dlo potab NYCWFMA epi ranbouse bon EFC anvan yo ki te finanse pwojè NYCWFMA yo. Yo estime ke ranbousman an ap ekonomize kontribiyab Vil New York yo apeprè 22 milyon dola sou 10 pwochen ane yo.

"New York pran angajman pou l bay kominote yo resous ki nesesè pou amelyore sistèm dlo yo ak amelyore kalite dlo yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye investisman nan dlo pwòp nan peyi nou avèk 500 milyon dola pou enfrastrikti dlo pwòp nan bidjè ane sa a ki ede pwoteje sante ak sekirite rezidan nou yo, prezève anviwònman nou, ak amelyore kalite lavi pou tout moun ki gen aksè a dlo pwòp fyab ak san danje".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Anons jodi a sou tranzaksyon ranbousman an mete aksan sou apwòch aktif EFC pou maksimize resous pou investisman enfrastrikti dlo yo. Tranzaksyon an pral bay yon soulajman nan to enterè pou youn nan pi gwo antite nou yo ki te fè prè. EFC remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou dlo pwòp epi paske li mete 425 milyon dola disponib pou pwochen faz sibvansyon EFC. Se Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal elektè yo te apwouve an novanm 2022 ki bay faz finansman

sibvansyon sa a. Nou ankouraje kominote ki gen bezwen enfrastrikti dlo pou aplike jiska 28 jiyè a epi pou yo kontakte Ekip Asistans Kominotè nou yo si yo bezwen asistans".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos, te deklare,** "Pwoteje bon jan kalite dlo New York se pami pi gwo priyorite Gouvènè Hochul. Anba lidèchip li epi ak sipò ranfòse nan Bidjè Eta ane sa a pou finansman bon jan kalite dlo, New York rete angaje nan envestisman nan pwojè pou amelyore, repare, ak ranplase enfrastrikti dlo enpòtan atravè eta a ak pou pwoteje kominote yo kont polisyon ki ta ka danjere pou piblik la, anviwònman an ak ekonomi nou an".

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li pou ede kominote New York yo avèk resous pou kontwòl ak pwoteje dlo potab yo. 51 milyon dola Kòporasyon Enstalasyon Anviwònman lokal te apwouve pral pèmèt gouvènman lokal yo konplete amelyorasyon enpòtan nan enfrastrikti dlo potab yo, epi plis pwoteje sante ak sekirite rezidan yo".

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "New York kontinye dirije nasyon an nan bay fon ki nesèsè yo pou ede rann enfrastrikti dlo eta a vin pi abòdab pou gouvènman lokal yo. Apwobasyon 51 milyon dola Kòporasyon Enstalasyon Anviwònman lokal la pral bay kominote yo aksè a resous pou ranfòse rezistans, konbat chanjman klimatik epi ofri enfrastrikti ki pi avanse pou pote travay vèt ki pral ede kreye kominote ki bon pou jenerasyon k ap vini yo".

#### **Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo Apwouve:**

- **Otorite Minisipal Finansman Dlo New York ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York** - Finansman alontèm 80,225,467 dola avèk andètman ki gen rapò ak pwojè sa yo:
  - Rekonstriksyon Rezèvwa Dekantasyon Final Izin Kontwòl Polisyon Dlo Wards Island
  - Amelyorasyon Sistèm Distribisyon Enèji Izin Kontwòl Polisyon Dlo Bowery Bay
  - Amelyorasyon nan Eliminasyon Byolojik Eleman Nitritif Faz I Izin Kontwòl Polisyon Dlo Zile Tallman
  - Plizyè Izin Kontwòl Polisyon Dlo Faz II Eliminasyon Byolojik Eleman Nitritif Adisyon Kabòn
  - Amelyorasyon nan Eliminasyon Eleman Nitritif Byolojik Nivo 1 Izin Tretman Dlo Ize (WWTP) Rockaway
  - Rekonstriksyon Estasyon Ponp Gowanus ak Tinèl Evakyasyon Debòdman Egou Konbine Pò Enteryè
  - Ranplasman Prensipal Ponp Dlo Ize Kontwòl Polisyon Coney Island
  - Pwojè Kojenerasyon ak Elektrifikasyon Izin Kontwòl Polisyon Dlo North River

- Rediksyon Total Klò nan Izin Kontwòl Polisyon Dlo Coney Island ak North River

### **Finansman Pwojè Dlo Potab yo Apwouve**

- **Distri Lekòl Santral Averill Park, Konte Rensselaer** - Sibvansyon WIIA 90,000 dola pou enstale veso kabòn aktive granilè pou tretman PFAS nan Algonquin Middle School.
- **Distri Dlo Bethpage, Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 3 milyon dola don pou enstale yon sistèm echanj iyon pou retire nitrat ak pèklorat, ak enstalasyon yon tretman pa Pwosesis Oksidasyon Avanse pou retire 1,4-dyoksàn.
- **Distri Dlo Hicksville, Konte Nassau**
  - Sibvansyon WIIA 8,927,400 dola pou enstale yon pwosesis oksidasyon avanse ak sistèm tretman kabòn aktive granilè nan Izin Nimewo 9 pou retire 1,4-dyoksàn, asid pèfliyowoktanoyik erfluorooktanoik (PFOA) ak asid pèfliyowoktanesisilfonik (PFOS).
  - Sibvansyon WIIA 5,651,400 dola pou enstalasyon pwosesis oksidasyon avanse ak sistèm tretman kabòn aktive granilè nan Izin Nimewo 5 pou retire 1,4-dyoksàn, PFOA ak PFOS.
- **Otorite Devlopman nan North Country, Konte Jefferson** - Finansman akoutèm 12,485,771 dola pou ranplasman apeprè 13,000 pye lineyè konduit prensipal transmisyon ki egziste deja ak aparèy ki asosye yo.
- **Vil Kingston, Konte Ulster** - Finansman akoutèm 16,420,000 dola ak nan to mache a ak yon sibvansyon WIIA 3,000,000 dola pou reyabilitasyon Baraj ak Rezèwa Lak Cooper ak konstriksyon yon nouvo estrikti ak kanalizasyon ki asosye.
- **Vilaj Red Hook, Konte Dutchess** - Finansman akoutèm 720,000 dola ak nan to mache a ak sibvansyon WIIA 1,080,000 dola pou demantèlman Pi Nimewo 4, ranplasman apeprè 2,400 pye lineyè konduit prensipal dlo, bouch ensandi, ak koneksyon sèvis plon sou Graves ak Cherry Street, reyabilitasyon enteryè chato dlo 225,000 galon nan fen Tower Street, ajoute yon ponp presyon nan entèkoneksyon ant sistèm dlo Vilaj ak Vil la, ak ranplasman sistèm kontwòl nan izin tretman dlo a.
- **Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York**
  - Finansman alontèm 22,000,000 dola avèk andètman pou konsepsyon ak konstriksyon Izin Filtrasyon Dlo Croton ak enstalasyon ki asosye yo.
  - Finansman alontèm 100,000,000 dola avèk andètman pou eskavasyon ak konstriksyon pi 17B-1 ak 18B-1, ki fè pati Tinèl Vil Nimewo 3, Etap 2 nan Queens.

### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

New York kontinye ogmante investisman li nan enfrastrikti dlo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, bidjè ane fiskal 2024 la gen ladan yon lòt 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo, sa ki fè investisman total New York nan enfrastrikti dlo a vin 5 milya dola depi 2017. Pou pwofite investisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo, Gouvènè a te pwopoze kreyasyon Ekip Asistans Kominotè pou fè sansibilizasyon dinamik nan ti kominote riral ak defavorize yo pou ede yo jwenn asistans finansye pou abòde bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. [Inisyativ la te fèk lanse](#) epi reyinyon sansibilizasyon yo ap dewoule. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak bezwen enfrastrikti dlo yo pou kontakte EFC nan [efc.ny.gov/CAT](https://efc.ny.gov/CAT).

Elektè yo apwouve Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) 4.2 milya dola nan novanm 2022, fè avanse plis nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki vye epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo. Pandan Semèn Latè a, Gouvènè Hochul te anonse premye disponiblite finansman Lwa sou Obligasyon an ki, lè l konbine avèk sous finansman eta ki egziste deja, totalize 425 milyon dola ki disponib nan finansman sibvansyon dlo eta a. Aplikasyon yo dwe soumèt jiska 28 jiyè epi nou ka jwenn plis enfòmasyon nan <https://efc.ny.gov/wiia>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)